

### SS.7.C.3.10

*Idantifye sous ak kalite lalwa (sivil, kriminèl, konstitisyonèl, militè).*

---

**SS.7.C.3.10 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1:** Elèv yo ap itilize egzanp nan kòd lalwa istorik pou idantifye ki jan lwa te kreye epi te devlope nan sosyete oksidantal yo.

**Kòd Amourabi (Code Hammurabi)** a te yon kòd ekri sou règ nan ansyen sosyete Babilòn, tounen depi nan dat 1772 B.C. Kòd Amourabi a te enkli 282 lwa. Yo te bay yon pinisman espesifik pou chak krim, tou depann de pozisyon sosyal yon moun. Lwa sa yo te kreye lòd ak te gide moun chak jou nan lavi yo. Lòt sosyete yo, enkli peyi Etazini, te itilize Kòd Amourabi a pou devlope pwòp lwa yo.

**Magna Carta** a te yon dokiman gouvènman ki te limite pouvwa wa Angletè a. Sete yon gwoup chèf Anglè noblès an 1215 kite ekri l, epi kite pwoteje dwa noblès yo (klas moun ki pi wo a an Angletè). Pita nèt, kolon Ameriken yo te panse yo ta dwe gen menm dwa ak Anglè yo. Gen kèk nan dwa nan Magna Carta a kite ekri nan Konstitisyon Etazini an ak Deklarasyon Dwa yo. Yon egzanp se Senkyèm Amanman klòz **pwosedi nòmal** la.

**Kòd Amourabi** - yon kòd ekri sou règ nan ansyen sosyete Babilòn, tounen depi nan dat 1772 B.C.

**Magna Carta** - yon dokiman gouvènman an ki te limite pouvwa wa Angletè a ak pwoteje dwa noblès yo; ke chèf Anglè yo te ekri an 1215

**pwosedi nòmal** - dwa pou moun yo akize pou krim pou gen lwa ki trete yo san patipri, yon fason pou yo pa pèdi lavi yo oswa libète yo san yo pa genyen lwa legal pa yo pwoteje